

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan nu dilaksanakeun di kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2011-2012 mangrupa data hasil Panalungtikan Tindakan Kelas anu dilaksanakeun dina dua siklus, nya éta siklus I jeung siklus II. Tina hasil déskripsi jeung analisis hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun bisa dicindekkeun yén Pamarekan SAVI bisa ngaronjatkeun kamampuh nyaritakeun pangalaman siswa. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap baris diécéskeun deui ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan.

- 1) Prak-prakan kagiatan pangajaran dilaksanakeun dina dua siklus. Dina siklus I prak-prakan pangajaran can pati bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran anu geus ditangtukeun. Kawani, kaéra, jeung prosés pangajaran sacara umum geus mimiti bisa diungkulan, tapi motivasi jeung perhatian pikeun ngahargaan usaha siswa anu teu pati kasumangetan pikeun diajar kalawan daria. Guru nitah siswa néangan imajinasi pikeun nyieun karangan pangalaman anu karandapan harita nalika diajar di luar rohangan nya éta naon waé anu katinggali, karasa, kadéngé, jeung kaambeu pikeun dicaritakeun deui ku cara ngabuleud kurang épéktip sabab siswa teu ngarasa bebas mikir naon nu rék dicaritakeun.

Dina siklus II prak-prakan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran sarta alokasi waktu nu geus ditangtukeun. Motivasi jeung perhatian pikeun leuwih ngahargaan usaha siswa anu dilakukeun ku guru geus bisa dilaksanakeun, nepi ka siswa katitén leuwih soso-soso nalika nyaritakeun pangalaman. Ngabébaskeun siswa néangan imajinasi pikeun ngajieun karangan pangalaman anu karandapan harita nalika diajar di luar rohangan nya éta naon waé anu katinggali, karasa, kadéngé, jeung kaambeu. Ku cara kitu karasa leuwih kondusif sabab siswa ngarasa bébas néangan imajinasi pikeun nyieun karangan anu rek dicaritakeun.

- 2) Hasil diajar nyaritakeun pangalaman siswa ngaliwatan pamarekan SAVI bisa ngaronjat. Ieu hal bisa katitén dina ngaronjatna hasil diajar siswa boh tina rata-rata aspék nu dipeunteun, peunteun jeung presentase peunteun. Kamampuh hasil diajar siswa ngaronjat ti mimiti tés pra-panalungtikan nya éta 8 atawa 22,22% asup kana katégori tuntas, sarta 28 urang atawa 77,78% asup kana katégori can tuntas. Rata-rata peunteun nu dihontal ku siswa nya éta 67,29. Dina tés siklus I nya éta 24 urang siswa atawa 66,67% anu asup kana katégori tuntas, sedengkeun 12 urang sésana atawa 33,33% masih asup kana katégori can tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina siklus I ieu nya éta 75,62. Hasil diajar siswa dina txs siklus II nya éta 100% atawa sakabéh siswa tina 36 urang asup kana katégori tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina siklus II ieu nya eta 82,98.
- 3) Suasana diajar anu PAKEM (Pangajaran Aktip, Kréatip, Épéktip, jeung *menyenangkan*) bisa kacipta ngaliwatan Pamarekan SAVI. Ieu hal katitén dina

partisipasi jeung aktivitas siswa anu ngaronjat dina tiap siklusna. Dina siklus I, siswa geus mimiti aktip pikeun ngilu kalibet kana topic caritaan anu keur dicaritakeun ku babaturanana tapi masih kénéh can ngarti kana maksud pangajaran anu dilaksanakeun. Siswa geus mimiti kréatip pikeun mekarkeun topik karangan pangalaman nu hayang dicaritakeunana, tapi masih kénéh can wani mintonkeun dina wangun tindakan. Lian ti éta, kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun geus kawilang épéktip jeung pikaresepeun, lantaran diajar di luar rohangan kelas ngajieun siswa teu jenuh diajar jeung bisa ngaéksplor imajinasina nalika ngajieun karangan anu karandapan harita siga naon waé anu katinggali, karasa, kadéngé, jeung kaambeu. Dina siklus II, siswa bisa leuwih aktip kalibet kana topik caritaan anu keur dicaritakeun ku babaturanana, sarta siswa katitén leuwih kréatip dina ngamekarkeun eusi karanganana. Lian ti éta siswa ogé geus nyaho naon nu kudu dipigawé sabab geus nyaho prak-prakanana nalika dina siklus I.

5.2 Saran

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nyaritakeun pangalaman ngagunakeun Pamarekan SAVI, aya sababaraha rékomendasi tina hasil ieu panalungtikan, diantaranya salaku salah sahiji alternatif dina pangajaran nyarita. Pamarekan SAVI ogé aya sababaraha hal kaunggulan lamun diterapkeun dina pangajaran nyarita contona nyaritakeun pangalaman nya éta :

Pangajaran nyaritakeun pangalaman ngagunakeun Pamarekan SAVI leuwih épéktip saumpama nalika geus ngondisikeun siswa ka luar rohangan tuluy nitah siswa ngajieun buleudan bari diuk tuluy guru nerangkeun matéri ngeunaan nyaritakeun

pangalaman di tengah siswa sanggeus kitu tuluy guru nitah siswa ngajieun karangan anu karandapan harita nalika diajar di luar rohangan kelas siga naon anu katingali, karasa, kadéngé, jeung kaambeu. Guru ngabébaskeun siswa pindah tina buleudan pikeun néangan tempat anu bisa ngaéksplor imajinasina tapi tangtu waé teu jauh teuing tina lokasi ngabuleud tadi. Sanggeus réngsé ngajieun karangan siswa dititah deui ngabuleud, anu kabagéan nyaritakeun pangalamanana ngan saukur dititah sina nangtung di tengah buleudan.

Dina ngalarapkeun pamarekan SAVI kana pangajaran nyaritakeun pangalaman, guru kudu bisa maham jeung sanggup ngalarapkeun prinsip Pamarekan SAVI salaku dadasar tumuwuhna rasa kawani, kahayang, jeung leungitna kasieun siswa nalika nyaritakeun pangalamanana. Perhatian anu dilakukeun ku guru ka siswa nalika kagiatan pangajaran ngagunakeun pamarekan SAVI, kudu leuwih dironjatkeun sangkan siswa bisa leuwih tenang jeung *nyaman* nalika nyaritakeun pangalamanana. Jeung Guru tong bosen-bosen pikeun nyumangetan jeung méré pujian ka siswa salila kagiatan pangajaran salaku wangun *penghargaan* kana usaha nu dilakukeun ku siswa, nepi ka dipiharep tumuwuhna motivasi nu gedé ti siswa pikeun diajar kalawan sosisoson jeung daria.

Dipiharep ayana panalungtikan anu leuwih daria deui ngeunaan larapna pamarekan SAVI dina matéri pangajaran nyaritakeun pangalaman atawa matéri pangajaran lian ngagunakeun métode panalungtikan séjénna.